

## **BAB III**

### **MODÉL PANALUNGTIKAN**


Dina ieu bab bakal dipedar ngeunaan désain panalungtikan, data jeung sumber data panalungtikan, sarta instrumén panalungtikan. Sangkan ngahasilkeun panalungtikan anu hadé, tangtuna kudu dibarengan ku métode anu tangtu. Métode mangrupa cara utama anu dipaké pikeun ngumpulkeun data panalungtikan kalawan maké téhnik sarta alat-alat anu tangtu (Arikunto, 2013, kc. 203). Panalungtikan ngeunaan babandingan naskah drama “Nu Jaradi Korban” karya R. Hidayat Suryalaga jeung naskah drama “Ayahku Pulang” karya Usmar Ismail mangrupa panalungtikan kualitatif. Panalungtikan kualitatif mangrupa panalungtikan anu maké léngkah-léngkah anu sistematis pikeun nafsirkeun data dina wangun déskriptif. Ieu hal saluyu jeung pamadegan Arikunto, 2013, kc. 3) nu nétélakeun métode déskriptif mangrupa panalungtikan pikeun nalungtik kaayaan, kondisi, atawa hal-hal séjén anu geus disebutkeun, anu hasilna ditulis dina wangun laporan.

Métode anu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta métode déskriptif analisis, anu tujuanana pikeun ngadéskripsikeun sarta nganalisis struktur jeung babandingan dina naskah drama “Nu Jaradi Korban” karya R. Hidayat Suryalaga jeung naskah drama “Ayahku Pulang” karya Usmar Ismail.

#### **3.1 Désain Panalungtikan**

Désain dina ieu panalungtikan miboga sababaraha tahapan. Nurutkeun Arikunto (2013, kc. 61) léngkah panalungtikan ngawengku milih masalah, studi pendahuluan, ngarumuskeun masalah, ngarumuskeun hipotésis, nangtukeun pamarekan, nangtukeun variable jeung sumber data, nangtukeun jeung nyusun instrumén, ngumpulkeun data, nganalisis data, jeung nyieun kacindekan. Anapon léngkah-léngkah dina ieu panalungtikan digambarkeun dina bagan 3.1.

**Bagan 3.1**  
**Désain Panalungtikan**



## 3.2 Data jeung Sumber Data

### 3.2.1 Data

Data dina ieu panalungtikan nyaéta sagala rupa référénsi nu mangrupa buku sumber nu aya patalina jeung panalungtikan, jurnal, jeung sumber liana nu ngarojong kana ieu panalungtikan.

### 3.2.2 Sumber Data

Nurutkeun Arikunto (2013, kc. 172) sumber data mangrupa subjék anu dipaké pikeun nyangking data panalungtikan. Sumber data dina ieu panalungtikan nyaéta sakabéh data nu aya dina naskah drama “Nu Jaradi Korban” karya R. Hidayat Suryalaga jeung naskah drama “Ayahku Pulang” karya Usmar Ismail nu ngawengku struktur pangwangun carita drama (tokoh, latar, alur, gaya basa, téma jeung amanat) nu satuluyna dibandingkeun ngagunakeun pamarekan sastra bandingan.

### 3.2.3 Idéntitas Naskah Drama

#### 1) Naskah Drama “Nu Jaradi Korban”

Judul : “Nu Jaradi Korban”  
 Pangarang : R. Hidayat  
 Suryalaga  
 Taun Dijieunna : 1969  
 Kandel Buku : 11 kaca  
 Warna Jilid : Bodas



Gambar 3.1  
 Jilid Naskah Drama  
 “Nu Jaradi Korban”

(sinopsis tina naskah drama “Nu Jaradi Korban”)

## 2) Naskah Drama “Ayahku Pulang”

Judul	: “Ayahku Pulang”
Pangarang	: Usmar Ismail
Taun Dijieunna	: -
Kandel Buku	: 18 kaca
Warna Jilid	: bodas



Gambar 3.2  
Jilid Naskah Drama  
“Ayahku Pulang”

(sinopsis tina naskah drama “Ayahku Pulang”)

### 3.3 Téhnik Panalungtikan

#### 3.3.1 Téhnik Ngumpulkeun Data

Ieu panalungtikan maké téhnik studi pustaka pikeun meunangkeun data. Sugiyono (2012, kc. 291) nétélakeun studi pustaka téh penting pisan dina panalungtikan, ku lantaran dina panalungtikan tangtu moal leupas tina literatur-literatur ilmiah. Ku kituna, téhnik ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan maké téhnik studi pustaka pikeun ngumpulkeun data ku cara maca sumber data nyaéta naskah drama “Nu Jaradi Korban” karya R. Hidayat Suryalaga jeung naskah drama “Ayahku Pulang” karya Usmar Ismail dibarengan ogé ku data séjén nu ngarojong sarta anu raket patalina jeung struktur drama, babandingan, sarta sumber liana nu ngarojong kana ieu panalungtikan. Salian ti éta, dina ngumpulkeun data ogé maké téhnik wawancara bébas pikeun meunangkeun data ngeunaan sumber data. Wawancara bébas mangrupa téhnik meunangkeun data ku cara nangtukeun pertanyaan sacara bébas asal luyu jeung tujuan panalungtikan (Arikunto, 2013, kc. 199).

Léngkah-léngkah dina ngumpulkeun data nya éta:

- 1) maca buku, jurnal, artikel, ngalakukeun wawancara, jeung karya tulis séjénna nu aya patalina jeung studi struktural jeung sastra bandingan,

- 2) nangtukeun sumber data nyaéta naskah drama “Nu Jaradi Korban” karya R. Hidayat Suryalaga jeung naskah drama “Ayahku Pulang” karya Usmar Ismail,
- 3) maca sagemblengna sumber data anu jadi bahan panalungtikan,
- 4) ngawawancara narasumber ngeunaan sumber data.

### 3.3.2 Téhnik Ngolah Data

Dina ngolah data, ngagunakeun téhnik analisis data. Sabada data dikumpulkeun, data diolah ngaliwatan sababaraha téhnik. Kahiji nganalisis struktur naskah drama, kadua nganalisis unsur carita dina naskah drama “Nu Jaradi Korban” karya R. Hidayat Suryalaga jeung naskah drama “Ayahku Pulang” karya Usmar Ismail, katilu ngabandingkeun struktur carita anu nyampak dina naskah drama “Nu Jaradi Korban” karya R. Hidayat Suryalaga jeung naskah drama “Ayahku Pulang” karya Usmar Ismail. Sangkan leuwih jéntré, ieu di handap didadarkeun panta-panta dina nganalisis data.

- (1) Maca gemblengan carita.
- (2) Ngaidéntifikasi struktur naskah drama.
- (3) Ngaidéntifikasi unsur-unsur carita naskah drama.
- (4) Ngaidéntifikasi ayana bébédaan atawa sasaruuan dina naskah drama.
- (5) Ngadéskripsikeun data.

### 3.4 Instrumén Panalungtikan

Instrumén panalungtikan diperlukeun pikeun nyangking jeung ngabagi data dumasar kana masalahna séwang-séwangan. Data kacida pentingna pikeun ngajawab sakabéh masalah anu keur ditalungtik. Instrumén panalungtikan nyaéta fasilitas nu dipaké ku panalungtik pikeun ngumpulkeun data nu luyu jeung masalah nu ditalungtik sangkan leuwih ngagampangkeun prosés panalungtikan kalawan hasil nu lengkap tur sistematis (Arikunto, 2013, kc. 203). Instrumén dina ieu panalungtikan dipaké pikeun nganalisis struktur drama dina naskah drama “Nu Jaradi Korban” karya R. Hidayat Suryalaga jeung naskah drama “Ayahku Pulang” karya Usmar Ismail.

#### 3.4.1 Instrumén Ngumpulkeun Data

##### 1) Tabél Struktur naskah Drama

Dina struktur naskah drama, maluruh ngeunaan aya henteuna struktur naskah drama dina sumber data anu ditalungtik.

**Tabél 3.1**  
**Tabél struktur naskah drama**

<b>Struktur Naskah Drama</b>	<b>Naskah Drama “Nu Jaradi Korban”</b>	<b>Cutatan Naskah</b>
Prolog	.... (aya henteuna)	..... (cutatan tina naskah drama “Nu Jaradi Korban” nu méré gambaran ngeunaan prolog)
Dialog	.... (aya henteuna)	..... (cutatan tina naskah drama “Nu Jaradi Korban” nu méré gambaran ngeunaan dialog)
Babak	.... (aya henteuna)	..... (aya sabaraha babak dina naskah drama “Nu Jaradi Korban”)
Adegan/scene	.... (aya henteuna)	..... (aya sabaraha adegan dina naskah drama “Nu Jaradi Korban”)
Kramagung	.... (aya henteuna)	..... (cutatan tina naskah drama “Nu Jaradi Korban” nu méré gambaran ngeunaan kramagung)
Solilokui/monolog	.... (aya henteuna)	..... (cutatan tina naskah drama “Nu Jaradi Korban” nu méré gambaran ngeunaan solilokui/monolog)
Aside	.... (aya henteuna)	..... (cutatan tina naskah drama “Nu Jaradi Korban” nu méré gambaran ngeunaan aside)
Épilog	.... (aya henteuna)	..... (cutatan tina naskah drama “Nu Jaradi Korban” nu méré gambaran ngeunaan dialog)

Katerangan:

Sc. = nuduhkeun bagian scene carita

Kc. = nuduhkeun nomer kaca

## 2) Kartu Data Unsur Carita Naskah Drama

### (1) Kartu Data Téma

**Tabél 3.2**  
**Conto Kartu Data Téma**

<p>Kode Data: NJK/K/Bag.1/kc.9  1. Téma Carita: Kulawarga  2. Cutatan Carita: Bag.1/kc.9</p> <p>.....  (cutatan naskah drama)</p>
---

Keterangan:

NJK = judul naskah “Nu Jaradi Korban”

K = téma carita ngeunaan kulawarga

Bag = nuduhkeun babak/scene ka-4

Kc = nuduhkeun nomer kaca 16

### (2) Kartu Data Fakta Carita

**Tabél 3.3**  
**Conto Kartu Data Tokoh**

<p>Kode Data: NJK//N/kc.5  Ngaran Tokoh: Nyai  Watek Tokoh: soméah, sabar, nyaah  Cutatan Dialog: Bag.1/kc.5</p> <p>.....  (cutatan naskah drama)</p>
---

Keterangan singgetan:

NJK = Judul naskah “Nu Jaradi Korban”

N = Ngaran tokoh Nyai

Bag.1 = Bagian babak/scene ka-1

Kc = Nuduhkeun nomer kaca 5

**Tabél 3.4**  
**Conto Kartu Data Latar**

Kode Data: NJK/LT/I/Bag.1/kc.3 Jenis Latar: Tempat Latar: Imah Cutatan Carita: Bag.1/kc.3 ..... (cutatan naskah drama)
---

Katerangan:

LK = Judul naskah “Nu Jaradi Korban”

LT = jenis latar (Latar Tempat)

I = Imah

Bag.1 = Babak/scene ka-1

Kc.3 = nuduhkeun nomer kaca 3

**Tabél 3.5**  
**Conto Kartu Data Galur Carita**

Kode Data: NJK/1BS Babak/scene: 1
--------------------------------------

Katerangan:

NJK = Judul naskah “Nu Jaradi Korban”

BS = Jumlah babak/scene aya 1

### 3.4.2. Instrumén Analisis Data

#### 1) Tabél Babandingan Struktur Naskah Drama

**Tabél 3.6**  
**Conto Kartu Data Babandingan Struktur Naskah Drama**

Struktur Naskah Drama	Déskripsi Babandingan	
	Naskah Drama “Nu Jaradi Korban”	Naskah Drama “Ayahku Pulang”
Prolog	.....	.....
Dialog	.....	.....



Struktur Naskah Drama	Déskripsi Babandingan	
	Naskah Drama “Nu Jaradi Korban”	Naskah Drama “Ayahku Pulang”
Babak	.....	.....
Adegan/ <i>Scene</i>	.....	.....
Kramagung	.....	.....
Solilokui/monolog	.....	.....
Aside	.....	.....
Épilog	.....	.....

## 2) Tabél Babandingan Unsur Carita

Tabél 3.7

Pituduh babandingan fakta carita naskah drama “Nu Jaradi Korban” karya R. Hidayat Suryalaga jeung naskah drama “Ayahku Pulang” karya Usmar Ismail

Fakta Carita	Déskripsi Babandingan	
	Naskah Drama “Nu Jaradi Korban”	Naskah Drama “Ayahku Pulang”
Tokoh	.....	.....
	.....	.....
Latar	.....	.....
	.....	.....
Alur	.....	.....

Tabél 3.8

Pituduh babandingan téma naskah drama “Nu Jaradi Korban” karya R. Hidayat Suryalaga jeung naskah drama “Ayahku Pulang” karya Usmar Ismail

Téma	Déskripsi Babandingan	
	Naskah Drama “Nu Jaradi Korban”	Naskah Drama “Ayahku Pulang”
	.....	.....

### 3) Padika Wawancara

Narasumber : .....

Tanggal Wawancara : .....

Waktu Wawancara : .....

Matéri Wawancara : Riwayat naskah drama “Nu Jaradi Korban” karya R. Hidayat Suryalaga jeung naskah drama “Ayahku Pulang” karya Usmar Ismail.

Patalékan:

1. Taun sabaraha didamelna naskah drama “Nu Jaradi Korban” karya R. Hidayat Suryalaga jeung naskah drama “Ayahku Pulang” karya Usmar Ismail?
2. Naon kapunjulan naskah drama “Nu Jaradi Korban” karya R. Hidayat Suryalaga jeung naskah drama “Ayahku Pulang” karya Usmar Ismail?
3. Dipagelarkeun di mana waé naskah drama “Nu Jaradi Korban” karya R. Hidayat Suryalaga jeung naskah drama “Ayahku Pulang” karya Usmar Ismail?
4. Kumaha aprésiasi ti para aprésiator kana naskah drama “Nu Jaradi Korban” karya R. Hidayat Suryalaga jeung naskah drama “Ayahku Pulang” karya Usmar Ismail anu dipintonkeun?
5. Kumaha sawangan Bapa salaku sastrawan ogé praktisi seni ngeunaan riwayat naskah drama “Nu Jaradi Korban” karya R. Hidayat Suryalaga jeung naskah drama “Ayahku Pulang” karya Usmar Ismail?
6. Kumaha kalungguhan R. Hidayat Suryalaga jeung Usmar Ismail dina dunya sastra téh?